*Ulli keleshegimizdi mărt hăm keńpeyil xalqımız benen birge quramız!*

# Paytaxt

RESPUBLIKALIQ JĂMIYETLIK-SIYASIY, MĂDENIY HĂM RUWXIY-AĞARTIWSHILIQ GAZETA

2022-jıl 31-Oktyabr DŬYSHEMBI №31-32 (1329-130-116) Paytaxt@exat.uz — Paytaxt@inbox.uz

## СЕССИЯ БОЛЫП ӨТТИ

***Жақында Нөкис қаласы ҳәкимлигиниң мәжилислер залында Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесиниң елиў үшинши сессиясы болып өтти. Сессияны Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңеси баслығы У.Панаев ашты ҳәм басқарып барды.***




Сессияда биринши мәселе бойынша Нөкис қаласы ҳәкиминиң финанс-экономика ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў мәселелери бойынша биринши орынбасары К.Калимбетов шығып сөйлеп, 2022-жыл 9 ай даўамында әмелге асырылған жумыслар ҳаққында баянат жасады.

Буннан соң, сессияда екинши мәселе бойынша Нөкис қаласы ҳәкиминиң жаслар сиясаты, социаллық



раўажландырыў ҳәм руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасары А.Пиржанов сөзге шығып, 2022-жыл 9 ай даўамында әмелге асырылған жумыслар ҳаққында өз пикирин билдирип өтти. Сондай-ақ, ол үшинши мәселе бойынша "Ҳаяллар дәптер"ине киргизилген ҳаялларды кәсип-өнерге үйретиў, олардың бәнтлигин тәмийинлеў, исбилерменлик басламаларын қоллап-қуўатлаў, социаллық қорғалыўын күшейтиў ҳәм машқалаларын унамлы шешиў бойынша 2022-жылда Нөкис қаласында ҳаял-қызлар машқалаларын унамлы шешиў бойынша әмелге асырылып атырған жумыслары ҳаққында есабат берди.

Сессияда күн тәртибиндеги төртинши мәселе, ягный, тиккелей аймақта инвестицияларды қамтыў ҳәм инвестиция бағдарламаларының 2022-жыл 9 ай даўамында әмелге асырған жумысларға қаратылған болып, бул ҳаққында Нөкис қаласы ҳәкими орынбасары О.Ойбеков сөзге шығып, кең түрде баянат жасады.

Қала аймағында исбилерменликти раўажландырыў, халықтың бәнтлигин тәмийинлеў ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў бойынша сессияның бесинши мәселеси де кеңнен қарап шығылып, бул бойынша ҳәким жәрдемшилериниң жумысын шөлкемлестириў илажлары ҳаққында Өзбекстан Республикасы Президентиниң Нөкис қаласындағы Халық қабыллаўханасы баслығы А.Балтабаев өз пикирин билдирип өтти.

Алтыншы мәселе де жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарламасы бойынша 2022-жыл 9 ай даўамында әмелге асырылған жумыслар ҳаққында Нөкис қаласы Бәнтликке көмеклесиў орайы баслығы Н.Мадаминов сөзге шығып, баянат жасады.

Буннан соң, Нөкис қаласы Мәҳәлле ҳәм нураныйлерди қоллап-қуўатлаў бөлими тәрепинен алып барылған жумыслары ҳаққында Нөкис қаласы Мәҳәлле ҳәм нураныйларды қоллап-қуўатлаў бөлими баслығы Б.Калилаев сөзге шықты.

Ол сондай-ақ, сегизинши мәселе бойынша "Мәҳәлле" қайырқомлық жәмийетлик фонды Нөкис қалалық бөлимшеси жанында шөлкемлестирилген "Сақаўат ҳәм көмек" қорына түскен қаржыларды мақсетли ҳәм мәнзилли сарыплаў ҳаққында баянат жасады.

Халық депутатлары Нөкис қалалық кеңесиниң елиў үшинши сессиясында күн тәртибиндеги мәселелер бойынша тийисли қарарлар қабыл етилди.

**У.ХОЖАМУРАТОВ,**
**Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңеси секретариаты баслығы.**

## «Абат аўыл» ҳәм «Абат мәҳәлле» бағдарламасы ҳәрекетте

**Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 18-март айында қабыл етилген ПҚ-172 санлы қарарына муўапық, Қарақалпақстан Республикасында «Абат аўыл» ҳәм «Абат мәҳәлле» бағдарламалары шеңберинде Нөкис қаласы аймағындағы ишки жолларда оңлаў жумыслары бойынша бир қатар ийгиликли ислер әмелге асырылып атыр.**



Нөкис қаласы аймағында 64 мәкан пуқаралар жыйынларындағы барлық көшелерге ЩПС қапламасы төселип, асфальтлаў жумыслары алып барылды. Бул ийгиликли жумысларға Өзбекстан Республикасы Айрықша жағдайлар министрлигиниң арнаўлы басқармасынан, ўалаятлардан жол қурылысы хызмети ҳәм жергиликли қурылысшылар белсенди қатнасып атыр.

Бүгинги күнде 623 көшеге 308.5 км ЩПС қапламасы, 15.3 көшеге 96.2 км асфальтланып, бул жумыслар еле даўам еттирилмекте.

Нөкис қаласындағы «аўыр» мәҳәллелерде әмелге асырылған қурылыс ҳәм абаданластырыў жумыслары да нәтийжели даўам еттирилмекте. Буны автомобил жолларын қурыў ҳәм оңлаў жумысларынан да анық көриўимизге болады.

Сондай-ақ, пайтахтымыздағы 28 мәкан пуқаралар жыйынларында да ЩПС қапламасын төсеў арқалы жолларды қурыў ҳәм оңлаў жумыслары нәтийжели әмелге асырылды. Нөкис қаласында қосымша асфальт төселген обьектлер де бар болып, асфальт төсеў жумыслары жүргизилмекте.



Жақында жол қурылысы ҳәм көше аймақларында абаданластырыўға белесене қатнасқан қурылысшылардың хызметлери ылайықлы баҳаланды. Нөкис қаласы ҳәкими У.Панаев қурылысшылардың мийнетлерин жоқары баҳалап, бул ийгиликли ислерге қосқан салмақлы үлеси ушын миннетдаршылық билдирди, оларға дастурхан жайылып, Нөкис қаласы ҳәкимлиги тәрепинен «Миннетдаршылық» жарлығы тапсырылды ҳәм ҳәр бир қурылысшы бир миллион сўмнан қаржылай сыйлықланды..

Бул кешеде Қарақалпақстан көркем-өнер ғайраткерлериниң атқарыўындағы концерт бағдарламасы жыйналғанлардың итибарына инәм етилди.

**Ғ.БЕРДИБАЕВ.**

# Талабалардың талаплары қанаатландырылмақта

***Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты студент жасларының тыянақлы билим алыўлары ушын жәҳән стандартларына жуўап беретуғын барлық қолайлы шараятлар жаратылмақта. Әсиресе, 1-санлы студентлер турар жайы қайта реконструкцияланып, февраль айында пайдаланыўға тапсырылыўы да үлкен әҳмийетке ийе болды. Өйткени, билим алыў ушын алыс мәнзиллерден келип оқып атырған талабалар ушын бул жатақхана әдеўир жеңилликке ийе болды.***

Студентлер турар жайы 576 орынлыққа арналған болып, бүгинги күнде 554 студент жайластырылған. Президентимиздиң арнаўлы бес басламасы тийкарында жатақханада арнаўлы оқыў залы бар болып, үш ярым мың китап фондына ийе. Бул талабалардың оқыўдан тыс ўақытлары жеке билимлерин еле де жетилистириўинде үлкен әҳмийетке ийе. Және де музыка ханасы болып кешки ўақытлары дөгерек сыпатында қызларымызға музыка сырлары үйретилип барылады. Турар жайдың үшинши қабатында тигиўшилик ханасы бар болып, арнаўлы тигиў машиналары менен тәмийинленип, қызларымыздың бос ўақытларында тигиўге қызығыўшылығы бар қызлар ушын арнаўлы дөгереклер ислеп турыпты. Компьютер ханаларында болса, 12 компьютер менен тәмийинленген. Бул да өз нәўбетинде талабаларға бир қанша абзаллықларға ийе.



Буннан тысқары, жатақхананың ҳәр бир қабатында еки асхана жайластырылған болып, талабалар аўқат таярлаўлары ушын арнаўлы газ плиталар сондай-ақ, музлатқышлар менен тәмийинленген. Талабалар ушын және бир қолайлы шараятларынан бири ҳәр бир қабатта кийимлер ушын арнаўлы дазмалханалары бар. Биринши қабатта жети кир жуўыў машиналары ислеп турыпты. Жуўыныў ханаларында ыссы суў, суўық суў менен тәмийинленген.

Талабалардың дем алыўлары ушын ҳәр бир қабатта еки дем алыў ханалары болып, олар арнаўлы жумсақ мебельлер менен тәмийинленип заманагөй телевизорлар орнатылған.



Жатақханаға студентлер арасында шын жетим, ярым жетим, көзи әззи, 1-2 топар майыбы, балалықтан майып, кем тәмийинленген бир шаңарақта еки яки оннан да артық талабасы бар, «Темир дәптер», «Ҳаяллар дәптер», «Жаслар дәптер» инде турған шаңарақ балаларынан ибарат 173 студент жеңилликлер тийкарында жайластырылған.

Бул орында студентлер арасында түрли ушырасыўлар ҳәм сәўбетлер өткерилип барылады. Атап айтқанда, «Өмиримниң гүлтажысыз устазлар», «Мен өз өмиримниң хожайнымен» атамасындағы семинар-тренинг өткерилди. 11-октябрь «Халықаралық қызлар күни» мүнәсибети менен «Қызлары бар бизиң елдиң» атамасында әдебий кешелер шөлкемлестирилди.



Талабалар ушын бул зәўлим имарат келешегимиз болған жаслар ушын олардың оқыўларына ҳәм билим алыўларына нәтийжели хызмет көрсетери анық.

Буннан тысқары, институтымыздың Елликқала районында жайласқан Елликқала педагогика факультетиниң 2-3 санлы студентлер турар жайы 450 орынлыққа аранлған болып, бүгинги күнде 149 студент жайластырылған.

Және де 2025-жылға шекем 962 орынлы талабалар турар жайы ушын 3 имараттың қурылыс жумыслары режелестирилмекте.

Бүгинги күни институттың 4 мыңға шамалас талабалары ижарада жасап келмекте. Мәмлекетимиз тәрепинен қабыл етилген арнаўлы қарарға муўапық, усы жылы 328 студенттиң ижара пуллары төлеп берилди. Және де 800 талабаның ижара пулларының қарарға муўапық елиў пайызын төлеп бериў процесси алып барылмақта.

Институтта талабалардың оқыўда бас-қа да жәмийителик жумысларын қадағалап барыўында тьюторлар бириктирилген болып, тиккелей олардың оқыўда ҳәм оқыўдан тысқары ўақытларын қадағалап барады. Бүгинги күнде институтта он факультет бар болып, 61 тьютор жумыс алып бармақта.

Алтынға тең дәўири болған студентлик дәўирин мазмунлы ҳәм қызықлы ең тийкарғысы сапалы билим алыўлары ушын ҳүкиметимиз тәрепинен бир қатар усындай көрген көзди қуўандыратуғындай шараятларды жаратып бериўлери жасларымызға болған исеним ҳәм үмитимизди еле де артыўына тийкар болады.

**Қуўатбай Шарипов,**
**Әжинияз атындағы НМПИ ның студентлерди турар жай менен тәмийинлеў жумысларын муўапықластырыў бөлими баслығы.**



# Коррупцияға қарсы гүресиў ҳәр биримиздиң ўазыйпамыз

**Коррупция дүнья көлеминдеги шешилиўи лазым болған глобал мәселелерден бири есапланады. Бул иллет ҳәр қандай мәмлекеттиң ҳәм жәмийеттиң сиясий-экономикалық раўажланыўына айтарлықтай зыянын жеткизеди, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң аяқ асты болыўына алып келеди.**

Мәмлекетимизде соңғы 5 жыл даўамында мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысының барлық тараўларында коррупция дәреклерине шек қойыўға қаратылған 80 нен артық норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл етилген болып, соның ишинде 10 нан артығы туўрыдан-туўры коррупцияға қарсы гүресиў тараўын тәртипке салыўшы нормативлик ҳуқықый ҳүжжетлер есапланады.

Усы норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерден бири, Өзбекстан Республикасының "Коррупцияға қарсы гүресиў ҳаққында"ғы нызамы болып, онда коррупцияға қарсы гүресиў тараўындағы мәмлекетлик сиясатының үстин жөнелислери белгилеп берилген.

Атап өтетуғын болсақ:

-Халықтың ҳуқықый санасын ҳәм ҳуқықый мәдениятын жоқарылатыў, жәмийетте корупцияға қарата келисимсиз мүнәсибетти қәлиплестириў;

-Мәмлекет ҳәм жәмийет турмысының барлық тараўларында коррупцияның алдын алыўда тийисли ис-илажларды әмелге асырыў;

-Коррупцияға байланыслы ҳуқықларын өз ўақтында анықлаў, оларға шек қойыў, бул иллеттиң ақыбетлерин, ҳәм оған имкан бериўши себеп ҳәм шәрт-шараятларды сапластырыў, коррупцияға тийисли ҳуқықбузарлықларға жол қойғанлығы ушын жуўапкершиликтиң анықлылығы принципин тәмийинлеў .

Соның менен бирге, коррупцияға қарсы гүресиў нәтийжелилигин және де асырыў, жәмийетте коррупцияға қарата келисимсиз мүнәсибетти қәлиплестириў, коррупцияға тийисли ҳуқықбузарлықтың алдын алыў, оларға имкан жаратып берип атырған шараятларды өз ўақтында анықлаў, халықтың коррупцияға қарсы гүресиўде белсендилигин асырыў ҳәмде оларды тараўға қосып атырған үлеси ушын мүнәсип сыйлықлаў мақсетинде коррупцияға тийисли ҳуқықбузарлықлар ҳаққында хабар берген ямаса коррупцияға қарсы гүресиўде басқаша тәризде көмеклескен шахсларды хошаметлеў механизими енгизилген. Бул бойынша Өзбекстан Республикасының Министрлер Кабинетиниң "Коррупцияға тийисли ҳуқықбузарлықлар ҳаққында хабар берген ямаса коррупцияға қарсы гүресиўге басқаша тәризде көмеклескен шахсларды хошаметлеў тәртиби ҳаққындағы Нызамды тастыйықлаў ҳаққында"ғы 2020-жыл 31-декабрь күнги ВМ-829-санлы қарары қабыл етилген.

Усы қарар менен "Коррупцияға тийисли ҳуқықбузарлықлар ҳаққында хабар берген ямаса коррупцияға қарсы гүресиўге басқаша тәризде көмеклескен шахсларды ҳошаметлеў тәртиби ҳаққында"ғы режеси тастыйықланған. Усы режеде коррупцияға тийисли ҳуқықбузарлықлар ҳаққында хабар берген ямаса коррупцияға қарсы гүресиўге басқаша тәризде көмеклескен шахсларды бир мәртелик пул сыйлығы, Миннетдаршылық (Ташаккурнома) түринде ямаса естелик саўғасы көринисинде сыйлықлаў тийкарлары, өлшемлери, муғдарлары ҳәм тәртиплери белгиленген.

Коррупцияға тийисли ҳуқықбузарлықлар ҳаққында хабар берген ямаса коррупцияға қарсы гүресиўге басқаша тәризде көмеклескен шахсларды хошаметлеў мәселеси коррупцияға қарсы гүресиўши органлар жанында дүзилетуғын арнаўлы комиссиялар тәрепинен көрип шығылады.

Бунда, республика дәрежесиндеги коррупцияға қарсы гүресиўши органлар хошаметлеў ҳаққындағы усыныс пенен республика арнаўлы комиссиясына, олардың аймақлық бөлимлери тәрепинен болса аймақлық арнаўлы комиссияларына шығады.

Усынысқа хошаметлеў ушын тийкар бола алатуғын төмендеги ҳүжжетлер қоса тигиледи;

-дизимнен өткен арза нусхасы ямаса аўызеки түрде берилген хабарды тастыйықлаўшы мағлыўматлар;

-судтың нызамлы күшке кирген қарары ямаса айыплаў ҳүкиминиң нусхасы;

- изертлеўди бийкар етиў ҳаққындағы, соның менен бирге, айыпкерлилик ҳаққындағы мәселени шешпей турып жынаят исин тоқтатыў ҳаққында шығарылған уйғарыў ямаса қарар нусхасы;

- шахсты тастыйықлаўшы ҳүжжет нусхасы;

- Коррупцияға тийисли ҳуқықбузарлықлар ҳаққында хабар берген ямаса коррупцияға қарсы гүресиўге басқаша тәризде көмеклескен шахслардың шахсый есап бети болған банк реквизитлары.

Коррупция мәмлекетимиздиң раўажланыўы ушын тосқынлық қылыўшы иллет. Сол себепли, коррупцияға қарсы гүресиў, оның алдын алыў пүткил жәмийетимиздиң ўазыйпасы болыўы лазым.

Усы тараў бойынша қабыл етилип атырған нормативлик ҳуқықый ҳүжжетлеримиз коррупцияға қарсы гүресиў механизимин тек беккемлеп қойыўдан ибарат болмастан ҳәр бир пуқараның, ҳәр бир басшының өзине жүклетилген ўазыйпасын пидайылық пенен орынлаўын талап етеди.

Солай екен, жуўмақлап айтқанда, келешегимиз болған жас әўладларымызға коррупциясыз келешек жаратып бериўимиз ушын ең алды менен өзимизди өзимиз тәрбиялаўымыз, коррупцияның ҳәр қандай көринисиниң алдын алыў ҳәм сапластырыў ушын биргеликте гүресиўимиз зәрүр деп ойлайман.

**Айгүл МАШЕРИПОВА,**
**ҚР Статистика басқармасының бас юрисконсульти.**